

# Pale. Jwe. Li !

**Chak jou, gen mwayen amizan ak fasil pou ede ptit ou a bati yon lanmou pou lekti pou lavi.**

## Pale.

- Poze kesyon! Eseye poze kesyon sou mo ki rime tankou “ki mo ki rime avèk machin?”
- Swiv direksyon ptit ou a bay. Si li sanble li enterese nan yon liv oswa yon sijè, kontinye pale sou li!
- Si w ap gade yon film oswa TV ansanm, pale avèk ptit ou a sou sa w ap gade a. Mande, “Kisa w panse ki pral rive apre?”

## Jwe.

- Eseye yon jwèt mwen espyone (I Spy)! “Mwen espyone avèk je m yon bagay ki kòmanse avèk son ‘f-f-f-f.’ Kisa w panse li ye?”
- Mande ptit ou a pou l jwe jwèt mo ki rime nan otobis la, nan tren oswa nan vwati a. “Mwen rime avèk mat. Mwen se yon ...”
- Jwe jwèt sou tab tankou Scrabble, oswa ekri lèt sou yon moso papye epi gade ki mo ptit ou a ka konpoze.



## Li !

- Vizite bibliyotèk bò lakay ou a pou li ansanm oswa pran liv pou ale lakay ou. Enskri pou yon kat bibliyotèk gratis!
- Li liv awotvwa ansanm, nan nenpòt lang. Chwazi liv ki enterese ptit ou a.
- Lè nou soti ansanm, mande si ptit ou a ka fè son mo ki devan magazen yo ak siy ki nan lari a.

**Pou jwenn plis konsèy ak resous gratis sou lekti, vizite**  
**[www.schools.nyc.gov/earlyliteracy](http://www.schools.nyc.gov/earlyliteracy)**